



# BEBE KI \FÈT AN- VAN LÈ epi KI PITI

**Konsèy konsènan chèz nan oto pou egzeyat  
Ak kèk Premye Deplasman nan Oto**

## **Anvan bebe a kite lopital la:**

- **achte** yon chèz oto ki make avèk yon etikèt pou adapte pou yon bebe ki piti anpil (gwose kòmansman 3 oswa 4 liv). Chèz sa yo gen fonksyon pou fè plas nan oto a gen plis pwoteksyon pou ti bebe yo.
- **li manyèl** itilizasyon chèz la oswa gade yon videyo sou entènèt nan konpayi chèz oto ou pou aprann ajiste senti sekirite a ak tache bouk la pou adapte bebe ou.
- **tcheke** fason pou itilize chèz oto ou nan yon randevou sou entènèt oswa fas-a-fas avèk yon Teknisyen Sekirite Pasaje Timoun (Child Passenger Safety Technician, CPST). Men kèk enfòmasyon pou tcheke: fason chèz a enstale yon fason ki sere nan oto a, epi si chèz la panche kòrèkteman pou yon nouvo bebe.
- **Ale** avèk chèz oto bebe ou nan lopital la. Kite baz chèz oto bebe ou enstale nan oto a.
- **Li manyèl** la konsènan nenpòt kousen oswa plakèt ki vini avèk chèz oto bebe ou ak fason pou itilize yo. Pa ajoute anyen yo pa t vann avèk chèz ou.
- **Pran prekosyon ou:** Yon jou oswa anvan egzeyat ou, yon enfimiyè ka fè “Ekran Tolerans Chèz” pou kontwòle bebe ou nan chèz oto a pou sizoka bebe a gen pwoblèm respirasyon oswa pwoblèm kè lè li an depasman oswa dwat amwatye nan oto a.

**Retounen nan lopital la pou jwenn plis konsèy sou chèz oto pou bebe ou k ap grandi.**



**Jwenn yon Teknisyen  
Sekirite Pasaje Timoun  
pou ede ou avèk  
chèz oto ou:**

Maryland Kids in  
Safety Seats  
[www.MdKISS.org](http://www.MdKISS.org)  
1-800-370-SEAT

Safe Kids  
World Wide  
<https://cert.safekids.org/find-tech>

Administrasyon Nasyonal  
Sekirite Sikilasyon  
sou Otowout:  
[https://www.nhtsa.gov/equipment/  
car-seats-and-booster-seats](https://www.nhtsa.gov/equipment/car-seats-and-booster-seats)



Tanpri ale sou sitwèb <http://www.miemss.org/home/emsc/cps>

## ***Kèk premye deplasman nan oto:***

- **Abiye** bebe ou nan rad ki pa lou, answit mete bebe a nan chèz oto a epi boukle senti sekirite a yon fason pou bebe a konfòtab. Ajoute plis rad oswa dra SOU senti sekirite a pou kenbe bebe a tyèd.
- **Mande** yon granmoun pou chita nan plas dèyè pou obsève bebe a depre.
- **Fikse nenpòt** objè pou kòrèkteman tankou yon tank oksijèn yon monitè, oswa lòt objè ki kapab frape bebe a nan yon aksidan.
- **Vwayaje sèlman** pou rezon enpòtan, epi itilize chèz oto a kòrèkteman pou chak deplasman.
- **Kreye** yon bon abitud dòmi pou bebe ou nan bèso sou do apre deplasman yo nan oto; chèz oto a se yon lòt bèso.
- **Evite** mete bebe ou nan balanswa ak lòt chèz oto ki kapab lakòz pwoblèm respirasyon sanblab kòm chèz oto, jiskaske doktè ou di pa gen pwoblèm pou fè sa.



## ***Sekirite nan chèz oto pou yon bebe k ap grandi:***

- **Tcheke** manyèl chèz oto pou lè pou retire zòrye kò a oswa kousen tèt la, epi pou lè ak fason pou deplase senti sekirite oswa bouk la pou “grandi” avèk bebe ou.
- **Espere chanje** bebe ou pou mete li nan yon chèz oto pou bebe nan yon chèz konvètib fas-dèyè lè bebe a pral gen laj yon ane, oswa lè tèt bebe a mezire yon pous anlè chèz oto a.
- **Kenbe** bouk senti sekirite a boukle sou yon timoun nan yon chèz oto – menm lè li deyò oto a, epi pa janm kite yon timoun poukont li nan yon veyikil.



**ZERO DEATHS  
MARYLAND**



Tanpri ale sou sitwèb <http://www.miemss.org/home/emsc/cps>